



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE LÒT ANPLWAYE AK AVYON GAD AYERYÈN
NASYONAL NEW YORK POU EDE APRE PASAJ SIKLÒN HARVEY**

***Yo Voye yon Dezyèm Avyon Sekou ak 16 Lòt Anplwaye pou Ede Misyon Sovtaj la
nan Texas***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse deplasman lòt resous Gad Ayeryèn Nasyonal New York (New York Air National Guard) pou ede moun Texas apre pasaj Siklòn Harvey. Yon avyon HC-130 pou rechèch ak sovtaj, ki te gen 15 lòt pilòt dechas ki fè pati 106th Rescue Wing, te gen pou kite Baz Gad Ayeryèn Nasyonal Gabreski maten an pou rive nan Fort Hood, Texas, pita nan jounen an. Anplis de sa, yon Ofisyè Plan Medikal Rejyonal (Regional Medical Plans Officer) ap kite Texas nan jedi pou prete asistans nan kad evakyasyon ak transpò pasyan ki soti nan lopital zòn yo.

“Vwazen nou yo nan sid la kontinye ap sibi konsekans Siklòn Harvey, kifè mwen deplwaye lòt anplwaye ak ekipman pou ede nan kad operasyon rechèch ak sovtaj k ap kontinye an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Moun New York konnen byen kalite destriksyon ki genyen lè gen yon dezaz natirèl, e nou pare pou kontinye ankadre jefò sa yo tout jan nou kapab.”

Lòt deplwaman sa a fèt nan landemen, apre Gouvènè a te [pwomèt](#) New York pral ankadre Texas ak Louisiana, epi li te [voye](#) 104 pilòt dechas ansanm avèk twa elikoptè sekou HH-60 Pavehawk, yon lòt HC-130, epi plizyè lòt bato ak veso. Lendi, ekip sovtaj nan twa elikoptè, ansanm ak ekip sovtaj sou twa bato, te rive sove 255 rezidan nan zòn Houston ak Katy nan Texas.

New York gen yon istwa long nan ede lòt eta yo apre dezaz natirèl yo. An plis de voye asistans similè nan Florida apre Siklòn Matthew, Frances, Ivan ak Dennis, New York te deplwaye yon ekip milti ajans de plis pase 300 moun pou kapab asiste Louisiana apre Siklòn Katrina, epi tou yon lòt ekip ki te gen 18 manm apre Siklòn Gustav Ian. An plis, New York te voye ekip sapè ponpye yo nan lwès plizyè fwa, pou kapab [asiste nan ede kontni dife yo](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418